

ba yo plis konesans renmen yo plis

Chak moman ou pase ak pitit ou konte. Chante pou pitit ou, li pou li, anbrase li, etabli woutin pou li, koute li lè li vle di w yon bagay oubyen li li vle yon bagay, menmen li li kay dokite egzijeman epi chwazi yon bon kote pou ou lè gen de gade li. Se kon sa timoun grandi, se kon sa yo aprann, se kon sa yo aprann remmen lot moun, se kon sa yo aprann reyisi.

Misyon nou:

Se pou nou vin gen bon jan renome nan afè planifye, defann kòz timoun epi finanse bon jan sèvis pou amelyore vi timoun ak fanmi yo.

DIAL 211 HELPLINE

Se yon referandòm yo te vote pou tabli "Fon pou ede timoun" ki gen non Angle "The Children's Trust". Se yon lajan ki la pou ede amelyore lavi timoun ak fanmi yo nan Miami-Dade Konnti.



MEN SA KI NAN TI JOURNAL SA A

- Senk bagay moun dwe konnen konsènan enfeksyon nan zòrèy2
- Konsèy nitrisyon pou 2 moun: manje ki bay sante pou bebe ou avè w2
- Èske se yon bagay ki san danje pou pitit ou a mache ale lekòl? "WalkSafe" ap travay pou rann sa posib3
- Fè tèt ou travay: Met tout bagay tèt anba!4

Telefòn 211 pou ou pran plis enfòmasyon
www.bayopliskonesansrenmenyo.org pou ou.

Lè loraj ap gwonde, pa ret deyò!

Susan Uhlhorn, Ph.D, Steve Dearwater, M.S., Suzie Kolb, M.P.A., Gayane Stepanian, M.A., ak Judy Schaechter, M.D.

Ou tande yon kout loraj, chen an kòmanse tranble epi ti pitit ou a kouri antre anba kabann nan. Anpil timoun krenn loraj, se yon bagay ki natirèl lakay yo. Travay nou antanke paran, se rasire timoun yo, fè yo konnen yo an sekirite, epi montre yo ki jan pou yo evite vrè danje yo. Anbrase yo, kenbe yo nan bra w pandan loraj ap gwonde a epi pale avè yo sou fason pou yo evite zèklè. Florida ki kapital zèklè nan peyi a, gen plis kout zèklè ki frape l pa kilomèt kare pase tout lòt Eta yo. Zèklè se bagay ki touye prèske 60 moun epi ki blese apeprè 300 moun chak ane. Kantite sa a plis pase kantite moun siklòn konn touye. Moun ki viv apre kout zèklè frape yo, anpil fwa yo konn vin rete avèk gwo andikap grav nan sèvo yo, ak doule kwonik. Akoz chalè sezon ete a vin rann zèklè yo frape souvan, nou tout nou bezwen aprann ki jan pou n jwenn sekirite nan lè gen tanpèt.

Men kèk move konsepsyon ak evènman konsènan zèklè ki soti nan Sèvis nasyonal sou tan (National Weather Service):

MOVE KONSEPSYON: Si pa gen lapli oswa si syèl la pa tou nwa ak nyaj, mwen pa bezwen krenn zèklè.

EVÈNMAN: Anpil fwa zèklè frape nan yon distans ki plis pase 4 kilomèt edmi pa rapò ak kote ki gen loraj k ap gwonde a, lwen kote lapli ap tonbe a ak nwaj ki gonfle yo. Malgre 'gwo kout tonnè' yo ra, yo kab tonbe 16 ak 24 kilomèt a distans kote loraj la ap gwonde a.

MOVE KONSEPSYON: Si ou deyò pandan gen kout loraj, ale anba yon pyebwa.

EVÈNMAN: Anba pyebwa se dezyèm kote ki pi komen pou zèklè touye moun. Kote ki pi komen an se yon kote ki pa gen anyen sou tèt ou.

MOVE KONSEPSYON: Si ou twouve w nan lari pandan gen gwo kout zèklè, kouche atè plat.

EVÈNMAN: W ap plis an sekirite nan pozisyon 'akoupi': de pye yo ansanm, do ba, tèt koube epi bouche zòrèy ou. Se pi bon mwayen pou



rete pi ba posib epi pou pa touche atè a nan plis mezi posib. Men sa a se bagay nou dwe fè kòm dènye solisyon.

MOVE KONSEPSYON:

Pa touche yon moun zèklè frape pou w pran nan kouran.

EVÈNMAN: Si zèklè frape yon moun, rele 911 la pou la. Pa gen okenn danje pou ou touche yon moun zèklè frape ; li bezwen premye swen ann ijans. Ba yo premye swen oswa soufle nan bouch yo pou resisite yo.

MOVE KONSEPSYON: Pati kawotchou nan wou machin yo kapab pwoteje ou kont zèklè, paske yo izole ou kont atè a.

EVÈNMAN: Pi fò machin san danje kont zèklè, men nan yon fason ki rezonab. Men se jant an metal la ki pwoteje ou, se pa pati an kawotchou a. Soulye ki gen semèl kawotchou pa kab ede w nonplis.

Sonje si ou kab tande loraj la, ou pre ase pou zèklè kapab frape w. Chèche kote pou w ale nan yon kay ki fèmen oswa nan yon machin ak vit la monte. Yon fwa ou anndan, evite itilize telefòn ak fil, òdinatè ak dlo nan tiyo, rete lwen fenèt. Si ou fèmen anndan, ale kote ki pa pre pyebwa, ni poto oswa bagay ki an metal. Si ou nan bato, si ou tap naje, kouri al sou tè fèm epi chèche pare move tan an tousuit.

Timoun kapab ni aprann ni swiv règ 30/30 lan: Ale anndan nan 30 segonn apre ou wè yon kout zèklè pandan loraj ap gwonde, epitou tann 30 minit apre ou tande yon kout loraj, anvan ou soti deyò ankò. Pi bon defans ou genyen kont zèklè, se planifye aktivite deyò dapre tan an, yon fason pou evite kout loraj dirèk epi pou gen kote ou kab pare move tan.

Sous: National Weather Service, Sekirite kont zèklè, <http://www.lightningsafety.noaa.gov>

MISSION NOU:

Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvi aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 211. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti jounal sa a an kreyòl, rele 211.



Senk bagay moun dwe konnen konsènan enfeksyon nan zòrèy

Kelly Liker, M.D., pedyat rezidan nan Lopital Jaksonn / Holtz Children's Hospital.

Enfeksyon nan zòrèy, (yo rele sa otit mwayèn egi tou), se dyanostik pedyat plis bay pou timoun. Se enfeksyon nan zòrèy ki plis fè doktè preskri antibyotik pou timoun, e se sa ki plis lakòz timoun fè operasyon. Men senk bagay enpòtan tout moun dwe konnen:

- 1. Èske pitit ou gen enfeksyon nan zòrèy?** Timoun pi vit gen enfeksyon nan zòrèy nan de premye ane nan lavi yo, men timoun nenpòt laj kapab gen enfeksyon nan zòrèy. Se yon maladi ki rive souvan swa anvan swa apre yon enfeksyon respiratwa elve oswa yon grip. Pami siy ki fè n rekonèt maladi sa a, nou jwenn lafyèv, zòrèy fè mal, difikilte pou fè ekilib e menm pwoblèm pa tandè nan zòrèy ki enfekte a. Yon timoun kapab genyen youn oswa tout siy sa yo, epitou li kab twò piti pou l rive konnen oswa di lòt moun si li gen doule nan zòrèy. Yon timoun ki pa ka pale pou l di sa l genyen, gen dwa ap fwote oswa rale zòrèy k ap fè li mal la, men sa pa vle di timoun nan se enfeksyon nan zòrèy menm li genyen. Si ou pa sèten, ale kay pedyat timoun nan.
- 2. Ki sa ki lakòz yon enfeksyon nan zòrèy?** Gen plizyè viris ki kab lakòz enfeksyon nan zòrèy; bakteri kapab yon kòz. Li kab difisil pou fè diferans ant de bagay sa yo, paske gen plizyè siy ki menm pou tou de.
- 3. Ki sa ki kab fè yon timoun pi vit gen enfeksyon nan zòrèy?** Men sa ki kab fè yon timoun pi vit gen enfeksyon nan zòrèy: timoun ki al nan gadri, lafimen sigarèt, sèvi ak sison, ale dòmi ak bibon nan bouch, pran manje fòtifyan olye yo pran tete. Si nou eseye evite faktè sa yo lè sa posib, sa kab diminye move chans pou timoun fè enfeksyon epi pou sa ta rive souvan.
- 4. Ki jan yo trete enfeksyon nan zòrèy?** Tretman ki pi komen pou enfeksyon nan zòrèy se yon antibyotik pou timoun nan pran pandan 10 jou. An jeneral, antibyotik sa a se amoksisilin. Men tou, se pa tout enfeksyon nan zòrèy ki merite antibyotik. Gen plis pase 80 pou san ka enfeksyon nan zòrèy ki kab ale san tretman. Antibyotik kab lakòz nonm sa a ogmante si se bakteri ki koz enfeksyon an, men tou yo kab kreye bakteri ki vin rezistan devan sèten antibyotik ki pi komen yo. Poutèt sa, medsen ou a gen dwa deside pou l pa preskri w antibyotik epi li kab mande w pou retounen nan klinik la si siy enfeksyon yo pa ale pou kont yo.
- 5. Ki lè pou w ta dwe konsidere operasyon nesèsè pou yon enfeksyon nan zòrèy?** Gen sèten sikonstans kote se operasyon ki bon pou trete enfeksyon ki pi konplike yo. Pami rezon ki kab fè nou fè konsiltasyon ki an rapò ak operasyon pou trete medya otit, nou jwenn si zòrèy la bay yon likid ki pa sispenn apre twa mwa, si kapasite pou tandè a vin bese, oswa enfeksyon an ap pede ale vini, sa vle di timoun nan fè plis pase 3 enfeksyon nan zòrèy nan kat mwa oswa plis pase 6 enfeksyon nan yon ane.



Konsèy nitrisyon pou 2 moun: manje ki bay sante pou bebe ou avè w

Sabrina Candelaria, MPH, RD, LDIN, pedyat nitrisyon, Mailman Center for Child Development, Miller School of Medicine.

Lè w ap manje pou bebe w la avè w, sa kab bouye tèt ou lè pou ou aprann fè bon chwa pou w kab gen yon gwosès an sante. Pa gen okenn sekre kache nan kesyon nitrisyon tibebe ki nan vant, paske se menm règ nitrisyon an ki aplike: manje kantite fwi, fèy, legim, bagay ki bay pwoteyin ak manje an gren konplè. Pote atansyon espesyal sou nourisan ki vin plis nesèsè pandan gwosès la epi ki bon pou kwasans bebe a ak devlopman li. Men senk ladrès ki kab ede w ogmante kalte nourisan enpòtan ki bon pou w gen yon gwosès an sante, anplis vitamin w ap pran chak jou pou pare pou akouchman an:

- 1. Manje divès kalte vyann poul ki pa gen grès, pwason, ze ak nwa.** Manje sa yo bay pwoteyin ki nesèsè pou konstwi tisi nan kò a epi pou repara selil ki alafwa nan kò bebe w ap pote a ak nan kò pa ou. Pami lòt sous pwoteyin kòm diplis, nou jwenn lèt san grès oswa ki pa gen anpil grès, gren konplè ak legim tankou pwa seche ak pwa tann. **Sa ki nesèsè pandan gwosès la: 71 gram pwoteyin chak jou pou pi piti.**
- 2. Chak jou ki vini, eseye manje sereyal an gren konplè a 100 pou 100, legim ak pwa vèt.** Manje sa yo gen anpil anpil vitamin B tankou asid folik. Asid folik enpòtan pou evite defòmasyon lakay tibebe k ap fèt la (sèvo yo ak mwal epinyè yo), pou evite tibebe fèt anvan lè yo, pou tibebe a pa peze mwens pase sa li dwa peze lè li fèt, pou l pa mal devlope nan vant. **Sa ki nesèsè pandan gwosès la: 600 mikwogram asid folik chak jou.**
- 3. Pwodui ak lèt ki san grès oswa ki gen ti kras grès (yogout, fwomaj oswa lèt), somon ak fèy vèt, fè bagay sa yo vin yon pati nòmal nan sa w ap manje.** Manje sa yo se bon jan sous kalsyòm, anplis lòt pwodui ki gen kalsyòm ladan yo, tankou ji zoranj ak sereyal pou manje maten. Kalsyòm se bagay ki fè zo bebe a ak dan li solid, li pwoteje pwòp mas zo pa ou pandan gwosès la epi li kenbe sistèm sikilasyon san, sistèm nè yo ak sistèm misk yo pou yo ka travay nòmalman pou nou toulede. **Sa ki nesèsè pandan gwosès la: Omwen 1 000 miligram kalsyòm chak jou.**
- 4. Nan bagay w ap manje chak jou, ou dwe mete manje ki gen anpil fè tankou vyann bèf ki pa gen grès, vyann poul, prin, melas ki gen bann nwa, zepina ak pwa wouj.** Yo itilize fè pou fòm emoglobin ki transpòte oksijèn toutpatou nan kò a. Lè ou ansent, volim san ou genyen vin double, sa vle di fè enpòtan anpil pou mennen oksijèn nan tout tisi kò a. **Sa ki nesèsè pandan gwosès la: 27 miligram fè chak jou.**
- 5. Fè ni bebe a ni kò ou dibyen: bwè dlo.** Dlo se otowout pou tout transpò nan kò a epitou li fè wout pou nourisan pase atravè plasennnta pou al jwenn bebe k ap devlope a. pa neglije bwè! **Sa ki nesèsè pandan gwosès la: 3 lit dlo chak jou.**

Anpil bagay enpòtan kapab fèt pou w byen nourri tibebe ki nan vant ou a epi pou w garanti ou menm ou ret an bòn sante pandan gwosès ou. Lè ou kenbe yon bon pwa ki fè w an sante epi ou fè kèk aktivite fizik, non sèlman sa bay bebe ou a pi bon sante, men tou sa diminye danje ki genyen pou vin gen konplikasyon pandan gwosès ou oswa lè w gen tranche oubyen lè w ap pouse bebe a. Fondman pou yon sante nèt ale nan lavi pitit ou a kòmmanse depi anvan l fèt, kidonk pran devan epi veye sa w ap manje.

Wòl paran yo anvè timoun kin an laj pou ale lek

Èske se yon bagay ki san danje pou pitit ou a mache ale lekòl? "WalkSafe" ap travay pou rann sa posib

Michael Malone pou The Children's Trust.



I majine ou santi sa bon ase pou dakò pou pitit ou mache ale lekòl oswa mache al kay yon ti zanmi, legliz oswa nan sant kominotè katye a. Ki sa ki plis enkyete w, chofè tèt chaje ki gen dwa ap kouri ak vitès oswa k ap blabla nan selilè li etan l ap kondi oubyen w ap mande si pitit ou a gran ase pou l suiv regleman ki pi enpòtan yo nan lari a? Oswa toulede bagay sa yo enkyete w?

Menm timoun preskolè kapab aprann regleman sekirite lari a ki pi senp yo pou yo ka pratike yo. Paran kapab montre pitit yo ki jan pou yo "mache ak je yo louvri", pou yo ka respekte siy ak limyè ki nan lari a epi pou yo pa janm parèt voup nan mitan machin. Pou timoun ki nan laj lekòl, gen yon pwogram k ap travay di nan konnti Miami-Dade ak lòt kote tou, pou garanti plis timoun kapab mache sennesòf nan wout lekòl yo ak lakay yo.

Pwogram Miami-Dade sa a ki rele **WalkSafe** la jwenn finansman nan men lekòl medsin *University of Miami Miller School of Medicine*. The Children's Trust te bay finansman pou etidye pwoblèm nan, e pou kounye a gen yon don sou prevansyon ki ede yo mete pwogram nan sou pye.

Nan kòmansman ane 2000, direktè pwogram nan, doktè Gillian Hotz tap travay nan klinik chòk lopital la, lè li te temwen ki jan timoun te resevwa gwo blezi grav akoz yo viktim aksidan moun ta kab evite. "Sa te frape m anpil pou kantite timoun ki blese nan aksidan pyeton", dapre sa Hotz sonje. Nan moman sa a, konnti Miami-Dade te an twazyèm pozisyon nan pousantaj timoun ki blese yo nan tout peyi a, e pousantaj sa a tapral pi wo. Pi fò nan kalte aksidan sa yo rive tou pre lekòl primè yo, ant 1 è dlapremidi ak 7 è diswa.

Aprè kèk ane sèlman, **WalkSafe** vin tounen yon modèl nasyonal. Pou ane lekòl 2008-09, gen 142 lekòl sou 247 lekòl nan konnti Miami-Dade County ki te patisipe nan pwogram nan, mete sou 70 lekòl ki nan lòt konnti nan Florida. Prèske 5 000 pwofesè nan Eta a te pran fòmasyon. Gen plis pase 130 000 timoun yo bay fòmasyon sou regleman sikilasyon.

Nan de mwa k ap rive la yo, out ak sektanm, asistan direktè, pwofesè edikasyon fizik ak pwofesè travay atis nan tout lekòl piblik ki nan peyi a, kèlkeswa tip lekòl la, pral resevwa antrènman pou yo kab anseye liy regleman **WalkSafe** yo bay elèv ki nan lekòl pa yo, dapre kòdinatè jeneral la Sophia Isoff.

Yo separe timoun yo pa klas – K-1, 2^{èm} ak 3^{èm} ane ansanm, epi 4^{èm} ak 5^{èm} ane ansanm – epi pou demi èdtan chak jou, yo anseye timoun yo prekosyon nan afè sikilasyon. Nan premye jou a, gen yon videyo ki anseye demach "kanpe, gade epi mache" a. Nan dezyèm jou a, yo mennen timoun yo sou yon teren oswa yon kote deyò lekòl la pou yo kreye yon sityasyon sikilasyon ak yon demonstrasyon bon jan sekirite sikilasyon. Nan twazyèm jou a, timoun yo kreye yon postè orijinal sou jan yo dwe pran prekosyon lè y ap mache nan lari.

Edikasyon poukont li p ap sifi pou rezoud pwoblèm sa a, epi **WalkSafe** gen yon modèl 5 "mo" – edikasyon, jeni, ranfòsman, ankourajman ak evalyasyon. Nan kolaborasyon ak Depatman travo piblik, ansanm ak Òganizasyon planifikasyon metwopoliten, pano siyal nan lari, twotwa, tras sou asfalt, wout, yo tout vin anbeli kòm eleman nan pati *jeni an*.

Yo vin ogmante travay lapolis ak siveyans lan nan zòn lekòl yo, yon fason pou kore pati *ranfòsman* an. Yo fòme asosyasyon kominotè – ak Asosyasyon paran pwofesè, Kowalisyon Miami-Dade sou prevansyon ansanm ak gwoup defansè bisiklèt, tankou Green Mobility – pou *ankouraje* desizyon sa a. Yo vin atire atansyon kominote a plis sou kesyon an gras a enfòmasyon ki pibliye nan jounal, nan radyo ak nan legliz yo.



Pou yon pati nan evalyasyon pwojè a, yo teste timoun yo, yo fè paran yo patisipe nan ankèt. Nan tout gwoup yo nèt, elèv vin pi konsyan de sityasyon an, yo montre yo pi byen konprann liy gid sekirite yo.

Kèk fwa, doktè Hotz panse ak yon tigason 5 an nan katye Morningside, yon machin te frape an 2007, pandan li tap mache soti lekòl epi l te vin mouri nan sal ijans pou chòk. Doktè a di: "Nou te poze tèt nou kesyon: ki jan pou n fè kichòy ki bon soti nan yon bagay ki si katastwofik?"

Depi an 2000, kantite timoun pyeton ki blese vin diminye a 40 pou san. Anpil kominote vin plis konsyan de enpòtans pou sekirite nan lari ki enterese ak ka timoun yo epi enpòtans pou pran mezi pou fè l vin pi bon.

"Mache a pye" pi plis bon pou timoun yo vin pi anfòm sou plan fizik epi, lè yo atire atansyon tout moun ni lakay ni nan lekòl yo, kominote ou a ap devni yon meyè plas pou moun viv. Kòmansse kounye a: anseye timoun ou a ki nan laj preskolè a bon jan regleman sou sekirite nan lari, tankou:

- Ouvè je w lè w ap mache, veye danje ki kab rive.
- Kanpe nan sou twotwa yo oswa sou rebò wout la si pa gen twotwa.
- Si ou wè yon machin, tann jis li pase.
- Kanpe, gade agoch, gade adwat, anvan ou fè premye pa w nan mitan lari a.
- Travèse nan kafou, kote ki gen limyè ak pasaj pou pyeton.
- Asire ou chofè yo wè w anvan ou travèse lari devan yo.
- Si yon machin estasyon kote w ap travèse a, chèche verifeye pou w kab sèten pa gen chofè sou volan an epi machin nan p ap mache.
- Ale sou kote machin nan epi gade ni agoch ni adwat pou w wè si pa gen machin k ap vini.
- Si pa gen machin k ap vini, mache pou travèse lari a, san w pa kouri.
- Toujou mache arebò wout yo sou twotwa a.
- Si pa gen twotwa, mache nan bò kote ou bay machin k ap vini yo fas.
- Rete sennesòf. Fè yo wè w. Mete rad ki gen koulè vitan, pandan lajounen. Pandan lannuit, sèvi ak yon flach oswa mete yon bagay ki klere nan limyè swa nan soulye w, swa nan chapo w, swa nan jakèt ou.
- Pa jwe ni nan wout pou machin antre nan remiz, ni nan lari oswa nan lakou ki pre lari ki pa klotire.

Pou pi plis enfòmasyon sou sekirite nan lari, ale sou sit: www.walksafe.us, www.safekids.org, www.nhtsa.gov (National Highway Traffic Safety Administration).

Telephone 305-571-5700 pou ou pran plis enfòmasyon:
www.thechildrenstrust.org

Fè tèt ou travay: Met tout bagay tèt anba!

Miriam Altman, M.A. ekri atik sa a pou "the Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe".

Fè jwèt devan dèyè ak fè tèt nou travay se bagay ki mache men nan men. Lè nou menm fanmi ak moun k ap bay timoun swen kite timoun yo lib pou yo dekouvri bagay nouvo ak materyèl senp, nou ankouraje yo aprann epi devlope. Timoun sitou renmen aktivite kote y ap kreye sa ki nouvo, lè yo pa limite yo ak yon "bon" fason oswa yon "move" fason pou yo fè bagay yo epi yo pa oblije gen tèt pwodui espesyal pou yo fini. Granmoun kapab mete yon diplis sou aktivite aprann nan ak plezi pou aprann, lè yo touse manch yo pou yo jwe ak timoun yo. Poze kesyon ki mande timoun reflechi tankou "M ap mande m ki sa ki ta kab pase si...." oswa "M ap mande m pou ki sa ...", yon fason pou reveye kiryozi timoun yo, pou rezoud pwoblèm epi devlope lide sou sa ki koz tèt bagay ak konsekans ki genyen. Men kèk materyèl tou senp ak lide pou nou konsidere, ki mande bon sans timoun ak imajinasyon yo:

rèm pou fè bab: Flite krèm pou fè bab sou yon espas epi montre pitit ou a ki jan pou l gaye krèm pou fè bab la epi ekri oswa desine ladan ak dwèt li. Timoun yo ap twouve espyans sa a enteresan pou yo. Pou fè dekouvèt la kontinye, ajoute koulè ak penti a lo.

Dlo: Plen benywa a oswa yon lòt gwo veso ak dlo. Mete bagay ou jwenn anndan kay ladan tankou boutèy likid pou lave ki vid, bwat yogout vid, boutèy flite an plastik ak jwèt sereng. Mete savon vesèl oswa penti a lo pou entere timoun nan plis, etan l ap fè espyans ak konsèp tankou volim epi l ap travay kapasite li pou ti mouvman piti yo. Envite ti pitit ou a pou l fè kòm si l ap benyen yon poupe oswa yon bèt jwèt. Plen yon bokit ak dlo epi bay pitit ou a yon gwo penso pou l ka 'pentire' swa kloti a swa antre pou machin nan swa galri a, yon jou ki gen bèl solèy. Timoun kapab pentire bagay selon lide yo epi yo kap aprann sa ki fenomèn evaporasyon an.

Penti: Fè dekouvèt ak penti pa oblije fèt ak penso ak papyè sèlman. Men de twa lide: Pentire anba pla pye pitit ou a epi kite l mache oswa danse sou gwo moso papyè tankou papyè journal. Mete

pentire a nan yon veso ki pa fon epi ankouraje pitit ou a enprime sou papyè absòban ak bout pòm detè, eponj oswa bagay ki menm ak eponj. Melanje penti a ak dlo pou l ka pa pwès epi itilize yon flakon konngout pou lage gout penti sou papyè fen tankou papyè twalèt oswa flitè kafe. Mete yon ti kantite penti nan yon boutèy flite ki plen dlo. Kole yon gwo moso papyè nan yon kloti epi kite timoun nan devlope misk ki nan men li yo ak bon sans pou l kreye bagay nouvo etan l ap flite.

Kreyon desen: Kreyon desen bay posiblite tou pou timoun kreye bagay ki nouvo. Envite pitit ou a chwazi divès koulè epi tepe kreyon desen yo ansanm, dapre yon modèl si sa posib, pou li ka aprann kreye bagay ak plizyè koulè ansanm. Fè timoun nan desine ak kreyon nwa sou papyè epi apre sa fè l pentire koulè sou desen an, tou fè remak sou ki jan papyè lasi a reziste ak penti a tankou yon bagay majik.

Sab: Pran sab blan melanje l ak tanpera seche epi kite pitit ou a fè desen ak sab divès kalte koulè diferan. Desen yo kab fèt sou yon espas ki plat oswa nan yon veso transparan. Pou devlope aktivite a pi plis, vin ak lakòl blan. Timoun nan kab fè desen an ak lakòl blan epi li simen sab koulè diferan sou desen ak lakòl la.

Farin mayi: Melanje de pati farin mayi nan yon pati dlo. Gen yon bèl bagay ki pase etan timoun nan plen men l ak melanj sa a epi l santi melanj lan ap glise nan fant dwèt li. Fè aktivite sa a nan yon pwalon ki laj oswa nan yon veso an plastik pou n kab netwaye l fasil.



Ni ou menm ni pitit ou kapab imajine lòt lide. Anpil fwa granmoun konn limite opòtinite pou timoun fè dekouvèt ak nouvo materyèl, paske granmoun yo toujou anvi kontwole timoun yo epi yo pè pou timoun yo pa netwaye kote yo fin sal yo. Li lè pou n detere kèk vye mayo, chèche yon pozisyon nan lakou a tou pre kawotchou awozaj la oswa yon gwo bòl dlo, pran yon tabliye an plastik, poze san nou epi pran plezi nou!



Patisipe Nan ti Journal sa a...

Voye: foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation 3250 SW Third Ave., Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye journal sa a:

The Early Childhood Initiative Foundation (646-7229) Ak **United Way Center for Excellence in Early Education** (305-631-7600) De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Early Learning Coalition of Miami-Dade/Monroe) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèviz pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami-Dade County (305-646-7220) and The Children's Trust (305-571-5700).

Edite ti journal sa a se:

Ana de Aguiar Echevarria
(305-646-7230)

ba yo plis konesans



renmen yo plis

3250 SW Third Ave.
Miami, FL 33129

NON-PROFIT
ORG.
U.S. POSTAGE
PAID
MIAMI, FL
PERMIT #5665